# Фонд оценочных средств по учебному предмету «Чеченский язык»

«Нохчийн мотт» 1аморан низамехула мах
хадоран г1ирсийн паспорт

| № | Контролируемые разделы предмета | Наименование оценочных средств |
|---|---|---|
| 1. | Дощ. Дешдакъа. Дош сехьадаккхар. | Изложени «Бух1анан к1орни». Аг1о-28. |
| 2. | Предложени | Диктант № 1 «Синтарш» *(Урок- таллам бар)* |
| 3. | | Изложени «Ч1ерий лецар». (аг1о 58-59) |
| 4. | | Диктант № 2 «Бошмийн доттаг1» |
| 5. | | Изложени «Ши газа». (аг1о 94). |
| 6. | Дешан х1оттам | Диктант № 3 « Салазаш хеххар» |
| 7. | | Диктант №4 «Хьайбанаш». |
| 8. | Билгалдош | Диктант № 5 «Хаза книжка» |
| 9. | Хандош | Диктант №6  «Можа хьоза ". |
| 10. | Шарахь 1амийнарг карладаккхар | Т1ера схьаязъяр. (аг1о 179) |
| 11. | | Сочинени «Аьхке». |
| 12. | | Талламан диктант №7 «Дог1а дале хьалха» |

Диктант «1уьйре»

**1алашо:** шолг1ачу классехь гулбина хаарш таллар. Царех пайдаэца хаар таллар

текст.

1уьйре

1уьйранна самайолу юрт. Г1овг1анаш юьйлало. Бакххий нах балха оьху. Бераш школе деша доьлху. Юьртан бажа бажо буьгу. Цхьа Борзик бду ,х1оз хилла дижна 1уьллуш. И х1унда 1уьллу дийнахь дижна?

Цо шен декхар буса кхочушдо. Буьйса д1аяллалц сема 1а иза, наггахь г1алх а деш.

- **Текст язъяр.**
- Грамматически т1едиллар.

1. Хьалхарчу предложенехь къастае коьрта меженаш.
2. Мог1анера сехьадаха мА-дезза декъа дешнаш: г1овг1анаш, бакхий, 1уьллу.
3. Долара ц1ераш схьаязъе.

**Диктант** «**Хасбешахь**» (1 полуг.)

**1алашо:** Нийса, 1амийна бакъонаш ларъеш диктант язъян 1амо.

Хасбеша дахара бераш. Цигахь белхаш бира цара. Цхьаболчара хасстоьмашна асар дира, вукхара хи диллира. Дукха хастоьмаш гулбийр бу хасбешара. Цигахь йийна дика кхуьуш ю копасташ а, ж1онкаш а, наьрсаш а. Муьлхачу хастоьмашна хи маца дилла деза а, молханаш муьлханаш тоха деза а хьоьхо агрономо берашна.

**Т1едилларш.**

Хьалхарчу предложенехь коьрта меженаш къастае.

**Диктант** «Дог1а дале хьалха» (итог.)

**1алашо:** шарахь гулбина хаамаш таллар.

**Дог1а далее хьалха.**

Кхоьлина де дара. 1уьйранна хьалхxе хьаьжина малх 1аьржачу мархаша д1ахьулбира. Цкъа а сийна хила а хилли те аьлла хеталора стигале хьаьжча. Еза мархаш яра т1екхохкаелира. Д1атийна каде хьийзина олхазарш а. Наг-наггахь дог1анан даккхийра т1адамаш ийгира. Т1аккха т1екхевсира чехка дог1а.

- **Диктант язъяр.**
- **Грамматически т1едиллар.**

1.Т1аьхьарчу предложенехь коьрта меженаш билгалъяха.

2. Х1оттамца талла дешнаш: т1екхохкаелира, 1аьржачу.

3. Дехий мукъа аьзнаш юкъахь долу дешнаш схьаязде.

**Диктант** «Дог1а дале хьалха» (итог.)

**1алашо:** шарахь гулбина хаамаш таллар.

**Дог1а далее хьалха.**

Кхоьлина де дара. 1уьйранна хьалхxе хьаьжина малх 1аьржачу мархаша д1ахьулбира. Цкъа а сийна хила а хилли те аьлла хеталора стигале хьаьжча. Еза мархаш яра т1екхохкаелира. Д1атийна каде хьийзина олхазарш а. Наг-наггахь дог1анан даккхийра т1адамаш ийгира. Т1аккха т1екхевсира чехка дог1а.

- **Диктант язъяр.**
- **Грамматически т1едиллар.**

1.Т1аьхьарчу предложенехь коьрта меженаш билгалъяха.

2. Х1оттамца талла дешнаш: т1екхохкаелира, 1аьржачу.

3. Дехий мукъа аьзнаш юкъахь долу дешнаш схьаязде.

Диктант №1 «Синтарш»

**1алашо:** аьзнех ,элпех болу хаамш таллар. Дешнашкахь дехи доций мукъа аьзнаш билгалдаха хаар таллар. Дешнашкахь мукъа а , мукъаза а элпш билгалдаха хаар таллар

**Текст.**

**Синтарш.**

Дешархоша школан бешахь стоьмийн синтарш дийг1ира. Урамийн йистошца а дийг1ира цара уьш. Синтарш кеста хьалакхуьур ду. Цара 1индаг1 латтор ду. Цара стоьмаш лур бу.Синтарийн г1айга беш хир бу дешархой. Царна шайн школа а, шайн юрт а хазахила лаьа.

- **Грамматически т1едиллар:**

1. Хьалхарчу предложенехь коьрта меженаш билгалъяха.
2. Мукъа шалха элпаш юкъахь долу дешнаш схьаязде.
3. Мог1анера сехьа даха мА-дезза д1аязъе т1аьхьара предложении.

Диктант №3 Бошмийн доттаг1ий

**1алашо:** Предложенех, дешнийн цхьанакхетарех болу хаамаш таллар. Нийса дешнаш язъян а, ала хаар таллар.

**Бошмийн доттаг1ий.**

Дитта т1ехь д1атоьхна бен бу. Цу чохь олхазарш дека. Олхазарш бошмийн доттаг1ий дуйла хаьа сунна.
Ас уьш къехка ца до. Цундела тхан дитташ т1е стоьмаш дуккха а латабо.

**аь) Диктант язъяр.**
***БИЛГАЛОННА ДЕШНАШ: д1атоьхна.***

**б) Грамматически т1едилларш.**
1. Шолг1а предложении меженашца талла.
2. Схьаязде хьалхарчу предложенера дешнийн цхьанакхетарш.
3. Йоьхна предложенинисъе.

Хуьлу, ахьхка, ма, хаза**.**

Диктант «Хьайбанаш»

**1алашо:** кхасторан хаьркаш язъяран бакъонех кхетар таллар, къасторан хьаьркаш йолу дешнаш нийса ала а , яздан а хаар таллар.

**Хьайбанаш.**

Гуьйре йоьлча, арахь шелъелира. Дитташ т1ехь мажъелла хьайбанаш кхозу. Хьайба стоьмех массарел т1аьхьа кхуьу. Дуьххьара ло тесча схьаяьхна хьайбанаш мерза хуьлу. Мадъелла хьайбанаш догдог1уш юу жимчу Хьамида.

**Т1едилларш.**

1. Къасторан хьаьркаш йолу дешнаш схьаязде.

2.Сехьадаха ма деззара декъа дешнаш*: дитташ, дуьххьара, жимчу.*

3.Хьалхарчу предложенерчу дешнашкара мукъачу элпашна буха сиз хьакха.

Диктант «Хьайбанаш»

**1алашо:** кхасторан хаьркаш язъяран бакъонех кхетар таллар, къасторан хьаьркаш йолу дешнаш нийса ала а , яздан а хаар таллар.

**Хьайбанаш.**

Гуьйре йоьлча , арахь шелъелира. Дитташ т1ехь мажъелла хьайбанаш кхозу. Хьайба стоьмех массарел т1аьхьа кхуьу. Дуьххьара ло тесча схьаяьхна хьайбанаш мерза хуьлу. Мадъелла хьайбанаш догдог1уш юу жимчу Хьамида.

**аь) Диктант д1аязъяр.**

**б) Т1едилларш.**

*1. Къасторан хьаьркаш йолу дешнаш схьаязде.*

*2.Сехьадаха мА деззара декъа дешнаш: дитташ, дуьххьара, жимчу.*

**3.Хьалхарчу предложенерчу дешнашкара мукъачу элпашна буха сиз хьакха.**

Диктант №6 «Салазаш хехкар»

**1алашо:** дешан х1оттамах лаьцна болу хаамаш таллар. Царех йозанехь пайдаэца хаар таллар. Дешнаш дешан х1оттамца къасто хаар таллар.

**Хаза книжка.**

Книжки т1ерачу суьрташка хьоьжуш самукъадолура Санетан, ша жима йолуш. Х1инца ,деша а 1емина, книжканаш йоьшу цо. Суьрташка хьежарел самукъане хиллера уьш ешар. Дуккха а керланиг девзира цунна книжкаш йоьшуш.

Хьо цкъа а хилла воцучу махка кхачаво книжкано, кхечу къаьмнийн г1иллакхаш а довзуьйту.

- **Диктант язъяр.**
- **Грамматически т1едиллар**.

1. Хьалхарчу предложенехь бидгалдаха ц1ердешнаш. Къастаде церан класс , дожар ,терахь.
2. Т1аьххьара предложении межнашца талла.

**Диктант №7** «Можа хьоза.»

**1алашо:** билгалдешнех лаьцна болу хаамаш таллар. Йозанехь билгалдешнех пайдаэцар хаар таллар. Билгалдешнаш къасто хаар таллар.

**Можа хьоза.**

Мурада можа хьоза лецира. Цо иза ц1а а деана, гура чу хаийра. Хьоза декара сагатлуш, шеен жимачу з1акарца гуран дуткъийчу серех тийсалора. Ц1а еача йишас дов дира вешина. Мурада д1ахийцира можа хьоза. Декаш сирлачу стиглара т1ома делира хьоза.

**Грамматически т1едиллар.**

1 . Хьалхарчу предложенехь коьрта меженаш къастае. Дешнийн цхьанакхетарш схьаязде.

1. Билгалдешнашна буха тулг1ений сиз хьакха.
2. Х1оттамца къастаде дешнаш: д1ахийцира, сирлачу.